Родной (адыгейский) язык 9 класс

## Демонстрационный вариант 2024 года

## Инструкция по выполнению работы

Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.

На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).

Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение).

Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.

Это задание выполняется на бланке ответов.

Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе **прочитанного** текста. Исходный текст дан в самой работе.

Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.

Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.

Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.

Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.

На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.

При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком. **Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.**

Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.

Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.

**Желаем успеха!**

## Часть I

**_Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ. Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения._**

1

Прослушайте текст и напишите **сжатое изложение**.
Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.
Объём изложения – не менее 70 слов.
Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.

## Часть II

**_Прочтите текст и выполните задания 2-16._**

### Инэнэжъ игууз хигъэжъук1ыгъ

(1) Аслъан ц1ык1ум инэнэжъ гуузышхор къызеузыгъэ нэуж сымэджэщым къыч1ащыжьыгъэу, джыри хьылъэ хьазырэу щылъыгъ. (2) Инэнэжъ к1асэ къызэрэфыщытыгъэм зэрэфэмыдэжьым шъэожъыер къыгъэчэфынчъэщтыгъэ. (3) Ар къыгъэчэфмэ, къыздигъэджэгумэ ш1оигъоу к1элэц1ык1ур янэжъ ечъал1эти, ыпэ шъомбгъо ц1ык1ухэр зэригъалъэхэзэ 1угуш1ощтыгъэ. (4) Фиш1эщтыр ымыш1эу нэ хъурэе ш1уц1э ц1ык1ухэр тыригъэлъадэу зы такъикъ горэм к1элъырытыти, игумэк1 1эк1эзыжьыгъэу джэгуным зыритыжьыщтыгъэ.

(5) Мафэ горэм янэ унэм ик1ы зэхъум ишъэо ц1ык1у къыфигъэпытагъ.

(6) - Аслъан, умыбзадж, умыбырсыр, бэрэ джэхашъом къыщымычъыхь, нанэ нахь дэй пш1ыжьынышъ, джыри сымэджэщым ябгъэщэжьыщт.

(7) Ащ Аслъан ц1ык1ур къыгъэщтагъ, инэнэжъ ыл зэрэфэузырэр къыхэщэу п1эк1ор лъэныкъомк1э ышъхьэ ыщэигъ. (8) Янэ ипчъэ фэш1 макъэ къызэхихыгъ. (9) Ардэдэм зыгорэм зыфикъудыигъэм фэдэу шъэбэ-шъабэу янэжъ ек1ол1агъ, 1энтэгъупэк1э ишъхьантэ зытыригъак1и, т1эк1урэ телъыгъ. (10) Ау рэхьатыгъор бэрэ фэщы1агъэп, джэгуным фежьэжьыгъ, джэхашъом телъ алырэгъум шъхьэгурыгъапк1э щеш1эу, машинэ ц1ык1ур щигъачъэу ригъэжьагъ.

(11) - А синэнау дышъ! - мэкъэ мэхэ шъабэк1э янэжъ къызэреджэрэр Аслъан ытхьак1умэ къыридзагъ.

(12) - Сыд, нэнэжъ, - къызщылъэтыгъ Аслъан ц1ык1ур инэнэжъ к1асэ фэгу1эу. - (13) Зыгорэ мэуза? - ечъал1и ыбгъэ зытыригъэк1агъэу еупч1ыщтыгъ ежьыр ины хъупагъэу зилъытэжьэу.

(14) - Мэузы, сик1элэ дах, - ерэгъэ дэдэу 1упш1ык1эу ныом къы1уагъ.

(15) - Тадэжьыр ара узырэр? - п1эк1орым лъэгонджэмышъхьэу к1эрысэу 1уплъыхьэзэ Аслъан ц1ык1ур инэнэжъ гу1эзэ еупч1ы.

(16) - Мыщ дэжьыр ары, синэф, - ныом гур зыдэщылъ ч1ып1эм те1абэзэ къырегъэлъэгъу. (17) - Ащ и1эзэгъу гущэр сэ сэш1э, ау хэт сфигъэцэк1эн.

(18) - Къа1о, нэнэжъ, сэ пфэзгъэцэк1эщт, - мэгу1э Аслъан.

(19) - Ефэндыр къысфатхэмэ иш1уагъэ къысэк1ыщт, ау оры гущэ ар уиамал къыхьыщтэп.

(20) - Къыхьыщт, нэнэжъ, къыхьыщт! - Аслъан ц1ык1ур нэгуш1оу къызщылъэтыгъ, янэжъ къы1ощтым емыжэу унэм къилъэтыгъ. (21) Ефэндыр ягъунэгъути, псынк1эу ащ дэжь чъагъэ.

(22) - Тэтэжъ, - ы1уагъ Аслъан ц1ык1ум жьы къыфэмыщэжьэу, - нэнэжъ ыгу мэузы, укъыфатхэмэ хъужьыщт.

(23) Ефэндыр шъэожъыем къеплъыгъ. (24) Ет1анэ къеупч1ыгъ: - Хэт ар къыозы1уагъэр, сишъау, хэт укъэзгъэк1уагъэр?

(25) - Нэнэжъ ары, - теубытагъэу джэуап ритыжьыгъ.

(26) - Ул1эхъупхъ, сишъау, - къыщытхъугъ ефэндыр, - л1ы ухъущт. (27) Уинэнэжъи бгъэхъужьымэ пш1оигъошъ, ук1элэ дэгъу дэд!

(28) Хэт ыш1эра, ц1ыфым цыхьэ зыфиш1ырэм иш1уагъэ къек1эу къыхэк1ы ефэндым зэри1ожьи, дыухьэ тхыгъэ шъэожъыем къыритыгъ.

(29) Гу1энк1э Аслъан ц1ык1ур ядэжь къэчъэжьыгъ. (30) Дунаир фэмыхъужьэу гуш1озэ ефэндым къыфитхыгъэ тхылъып1э ц1ык1ур лъагэу ы1этыгъ.

(31) - Къыпфэзгъэтхагъ, нэнэжъ, ефэндыр, джы ш1эхэу ухъужьыщт.

(32) Ефэндым къызэри1уагъэм тетэу Аслъан ыш1ыгъ. (33) Янэжъ псым ригъэшъуагъ

(34) - Ох-ох, си Аслъан, сыгу жьы дэбгъэк1ыгъ, - къыфэразэу нэнэжъ шъэожъыем ышъхьашъо къыте1эбагъ. (35) Игуузи нахь хэжъук1ыгъэу къыщыхъугъ.

(36) Ефэндыри къыщытхъугъ, янэжъи къыфэраз. (37) Аслъан ц1ык1ур ежьыри зыфэрэзэжь.

(38) - Джы, нэнэжъ, пшысэхэр къысфэп1уатэхэзэ пш1ыщтыба? - къэупч1агъ Аслъан.

(39) - Ары, сишъэо ц1ык1у, тхьам къысфигъэхэхъун, насыпыш1оу, бэгъаш1эу ыш1ын, - къызэрищал1и ныом шъэожъыер ыбгъэгу к1иубытагъ.

(Хъунэго Нурет)

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание. Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 "Шъэожъые ц1ык1ур сыда къэзгъэчэфынчъэщтыгъэр?" **зыфи1орэ упч1эм иджэуап къэгъэнаф, гущы1эухыгъэм иномер къэтх**.

Джэуап: ______________________________

3 **Я (30) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.**

Джэуап: ______________________________

4 **Я (34) гущыIэухыгъэм фразеологие оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.**

Джэуап: ______________________________

5 **Я (39) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI**.

Джэуап: ______________________________

6 **Я (5) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ глаголэу лъэпсапэкIэ (префикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.**

Джэуап: ______________________________

7 **Я (36) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу "къыщытхъугъ" зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.**

Джэуап: ______________________________

8 **Я (23, 32) гущыIэухыгъэхэм лъымы1эсрэ глаголыр къахэтхыкI.**

Джэуап: ______________________________

9 **Я (11) гущы1эухыгъэхэм причастиер къыхэгъэщ, къыхэтхык1**.

Джэуап: ______________________________

10 **Апэрэ (1) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэлъыкIор къыхэтхыкI.**

Джэуап: ______________________________

11 **Я (31) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу "ш1эхэу ухъужьыщт" зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.**

Джэуап: ______________________________

12 **Я (29) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI**.

Джэуап: ______________________________

13 **Я (5, 30, 32) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх**.

Джэуап: ______________________________

14 **Я (29) гущыIэухыгъэм пэблэгъэ дополнениер къыхэтхык1.**

Джэуап: ____________________________________________________________

15 **Я (8) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:**

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Янэжъ сымаджэу щэлъыфэ к1элэц1ык1ум зызэрэфиш1ыщтыгъэр къэзыушыхьатырэ гущы1эзэгъусэ текстым къыхэтхык1:

а) зы къэушыхьатын текстым къыхэхыгъэу;

б) зы къэушыхьатын о къэугупшыс - уиш1ош1 (нэнэжъ-тэтэжъхэр ш1у зэрэплъэгъунхэ фаер, ахэм узэрафыщытын фаер, сымаджэ хъугъэхэмэ узэрадэзек1он фаер) (гущы1эухыгъищым къыщымык1эу).

Джэуап:

____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________